ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№38 (23.696) ● 2018 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Белавенцев Олег Курортологиемкіэ Пятигорск дэт къэрал щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым Іэ щиІэтащ

Бюллетеныр щридзэм абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ Къырымыр Урысейм щыщ зэрыхъужрэ илъэсипЛ зэрырикъуар икІи а гуфІэгъуэри кІыхьыхьжауэ, гукъыдэж иІэу Іэ иІэтыну къызэрыкІуар.

«Сыхуейщ ди апэ итахэр зэрыгушхуэу щыта хабзэфІхэр ди бынхэм яхъумэну икІиахэр ягъэбзагъуэну. Апхуэдэу сэ шэч кьытесхьэрэкъым илъэс гъунэгъуэм къриубыдэу зэрыщыту ди къэралми, абы и Іыхьэ Кавказ Ищхъэрэ щЫнальэмэи хуабжьу зэрызаужьынум» - жиІащ Белавенцев Олег.

Президентым и лІыкІуэм къигъэлъэгъуащ хэхыныгъэхэр Кавказ Ищхъэрэм тэмэму зэрыщекІуэкІыр, псом хуэмыдэу, а махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэкакІуэхэм жыджэрагъашхуэ къызэрагъэлъагъуэр.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Іэ щиІэтащ Налшык къалэм дэт гимназие №14-м къыщызэрагъэпэща хэхыпІэ участкэ №107-м

ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэкэр зыщІэупщІахэм жэуап щиты м абы къыхигъэщхьэхуКІащ: «Шэч хэмылъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэр нобэрей хэхыныгъэхэм жыджэру хэтынущ икІи абыхэм ящыгъуу сэ Іэ соІэт ди къэкІуэным, къэралыр лъэщ щЫным, ди хэку иным, ди Къэбэрдей-Балъкъэр дахащэм папщІэ».

Гъатхэпэм и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэрым хэхыпІэ участкэу 354-рэ щылэжьащ. Абыхэм кІэлъыплъакІуэу 700-м щигъу щылащ. Дэтхэнэ участкэми видеокамерэкэр щылэжьащ, хэхыныгъэр зэрекІуэкІым Интернетым ущыкІэлъыплъ хъуэ. Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным хэтащ республикэм щыІэ туристу мини 5-м щигъу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ:

«КъэкІуэнум папщІэ Іэ доІэт»

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ Урысей Федерацэм и Президентыр щыхах махуэм Іэ щиІэтащ КъБКъУ-м и щІыхьэпІэ нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэща хэхыпІэ участкэ №147-м. Зэрихабзэу, ар хэхыныгъэм къекІуэлІащ зэрыщыту и унагъуэр щыгъуэу. Бюллетеныр щридзэм Егоровэ Татьянэ зыдигъэІэпыкъуащ и къуэрылъху цІыкІуэр. Абы къызэрИльытэмкІэ, дэтхэнэри щысабийм щегъэжьауэ граждан жуаплыныгъэм хэзгъэсэн хуейщ. ИужькІэ журналистхэм щепсальэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщым жиІащ Урысейм дяпэкІи зиужьын папщІэ нэхъ сэбэп хъуфыну кьИльытэ кандидатым папщІэ Іэ зэрИІэтар.

- Нобэ и пэжыпІэкІэ махуэшхуэщ. Хэхыныгъэрщ къэралыр зехьэным дэтхэнэ зы цІыхурэ хэтын папщІэ нэхъ Іэмал тэмэм дыдэр. Гъатхэпэм и 18-р абы и лъэныкъуэкІэ зыми яхуэбгъадэ мыхьун махуэщ. Сыту жыпІэмэ дэ ди къэралым и Президентыр хыдох, икІи ди къэкІуэнур, ди бынхэм, абыхэм я бынымкІэ я къэкІуэнур къыхэтхыу жьІэ хъунущ.

Пщэдей махуэр зэрыщытынур къызыдПЭмыІуэху цІыху щыІэу къыщІэкІынкъым. Абы къыхэкІыу кьанэ щымыІэу ди лъахэгъуэр хэхыпІэ участкэхэм къекІуэлІэну согугъэ. АтІэми Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм сытым дежи граждан жыджэрагъашхуэ яхэлъ инкІи нобИ Іэ зэраІэт щІыкІэмкІэ апхуэдэ жыджэрагъыр аргуэру зэ абыхэм кьагъэлъэгъуэну къыщІэкІынщ, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр яфІэщыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Хэкум и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхащІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ артист» цІэ лъапІэр яфІэщын

Винокур Владимир Натан и къуэм - «Пародиехэмкіэ Винокур В. зи унафэщІ къэрал театр» федеральнэ къэрал щэнхабзэ бюджет Іуэхущ1апІэм и художественнэ унафэщым

Орбакайте Кристинэ Эдмунд и пхъум - артисткэм, Эстрадэ гъуэзджэм и лэжьакІуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм хэтым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм гъатхэпэм и 19-м
№26-УГ



Путин догъэлъапІэ

Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм нэхъыбэу Іэ зыхуаІэта (процент 93,38-кІэ) Путин Владимир зэрытекІуам и щІыхькІэ «Путин ди Президентщ» гуфІэгъуэ зэхьихьэр дыгъуасэ Налшык къалэм щрагъэкІуэкІащ. ЦІыхуш-хуэ щыІэхуэсат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгу-хьэрэ илъэс 400 зэрыри-къум и цІэр зезыхьэ утым.

АБы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**, республикэ унафэщІхэр, дин, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, нэхъыжьхэм, щІалэгъуалэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, еджакІуэхэр.

КъБР-м и Музыкэ театрым и гупэм Путин Владимир и сурэтыр ину щалІэтат. Ар «Урысейр лъэщу щытыным дрительхьэщ» фІэщыгъэр иІэу гъатхэпэм и 2-м екІуэкІа щІалэгъуалэ зэхыхьэшхуэм хьэу, Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ и джабэм щаукъуэдия баннерырат.

Путин Владимир цІыхубэм зи дзыхь зрагъэзза, къэралым и экономикэ, политикэ Іуэхуэхр езыгъэфІэкІуэну кьалъытэ пашэщ. Абы и щыхьэтт апхуэдиз цІыхур зэрызэхуэсар.

Концертыр ягъэдэхащ республикэм и артист пажэхэу Нэхущ Чэрим, Текуев Амур, Цокіыл Азэмат, Бэч Азэмэт «Тэрч къэзакъэр» гупым, уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэ Хекилаевэ Денизэ, Налшык къалэм Гъуэзджэхэмкіэ и сабий школхэм я къэфакІуэ цІыкІуэхэм. Псоми щІэщыгъуэ ящыхъуащ УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, иджыблагъэ КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артисткэ» цІэ лъапІэр зыфІаща Орбакайте Кристинэ уэрэд зыбжанзкІэ кьаэзрыхуэупсар. Артисткэ цІэрыІуэр утым къыщыІэзэхуэсахэм ехъуэхъуащ узыншагъэрэ ехъулІэныгъэрэ яІэну, Президенту хахыжам мамырыгъэ, хъер кхахудэкІуэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Орбакайте Кристинэ

Бэч Азэмэт

● Хэхыныгъэ-2018

Пщэдейрей махуэм хуэгъэпса гугъапІэхэр

Ди къэралышхуэм и дэнэ щІыпІи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми гъатхэпэм и 18-м щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и Президентым и хэхыныгъэхэр. КъБР-м мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхугъуэр къызыхуэтыншэу, хэхыныгъэхэм я хабзэхэр къыщызэпамыуду щызэфІахащ КъБР-м къыщызэрагъэпэща хэхыпІэ 354-м. Апхуэдэу зэпэщу, тэмэму зэтеублауэ хэхыныгъэхэр щекІуэкІащ ди республикэм и къалащхьэ Налшык.

КЪАЛАЩХЬЭМ и хэхыпІэхэр пщэдджыжьым сыхьэти 8-м къызэІуахат. А зэманым ирихьэлІэу участкэхэм щыІэт абыхэм я унафэщІхэр, хэхыныгъэм хэтхэр, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэр, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр. Махуэр уэфІу нэху кьекІати, налшыкдзэхэр къызэщІэрыуащ, замыгъэгъващэу, икІи я граждан къалэныр ягъэзащІэным я гур хуитхъащІыкІауэ хэхыпІэ участкэхэм екІуэлІащ. ЦІыхухэр жыджэру кІуэрт хэхыныгъэхэм, дэтхэнэми ич лъэбакъуэм къэралым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр ящІэу, къэкІуэнум хуэгъэпса гугъапІэхэр абы ирапхуэ. А псори щІагъэбыдэ щыкІэу, хэхыныгъэ щІыпІэхэр махуэшхуэ теплъэ яІэу гъэщІэрэщІат, абыхэм къыщыеурт лъэпкъ макъамэ дахэхэр, къыщыІурт хэкупсэ уэрэдхэр.

Адэ-анэ куэдым я щыгъут я бынхэр. Абыхэм зэрыжаІэмкІэ, щІэблэр жылагъуэ Іуэхуэхм хуэжьыджэру къэгъэтэджын хуейщ. Хэхыныгъэхэм гулъытэ хэха щыхуащІащ зи ныбжьыр илъэс 18 хьауэ мы гъэм япэу апхуэдэ Іуэхугъуэшхуэм хэтыну хуитыныгъэ зиІахэм. Абыхэм тыгъэ къыхуащІащ махуэшхуэ саугъэт щІыкІуэхэр: «Дыззэгъусэу ипэкІэ докІуатэ», «Ди къэкІуэнум папщІэ Іэ доІэт», «Хэхыныгъэ - 2018» тхыгъэ кІэщІхэр зэрыгъэкэхэр, блокнотхэр, нэгъуэщІ хьэпшып щІыкІуэхэр.

Гъатхэпэм и 18-м екІуэкІа хэхыныгъэхэм жыджэру хэтащ ди республикэм, абы и къэлащхьэм зыгъэпсэхуакІуэ е лэжьыгъэ Іуэхукіэ къэкІуа щІыхищэхэри. Абыхэм ящыщт мы махуэхэм Налшык концерт щызыт, РСФСР-м и щІыхубэ артист Винокур Владимир. Абы Іэ щиІэтащ Профсоюзхэм я федерацэ зэгуэтым и уардэунэм къыщызэрагъэпэща хэхыпІэ участкэм. Артист цІэрыІуэм къыхигъэщащ республикэри абы и къалащхьэри хуабжьу гунэс зэрыщыхъур, гукъыдэж иІэу Налшык дапщащэ къызэрыкІуэр.

Хэхыныгъэхэр екІуэкІащ хабзэкэр къызэпамыуду, щІыпІэхэм зэгурыІуэныгъэрэ мамырыгъэрэ щытепщэу. Участкэхэм къыщІэкІыж цІыхухэм я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ нэхъри къаІэтырт уафэгум нэжэгужэу ис дыгъэм, бгыхэмкІэ къриху акъужь къабзэм, зыхуэзэхэм ящыщ куэдым я нэгум кърих гуапагъэм. ХьэтІохъущокъуэм и хадэшхуэм къыщызэрагъэпэща гуфІэгъуэ концертхэри хуэщІат ЦІыхубэр зэхъуэзыгъэувэ Іуэхугъуэшхуэ Іэтыным. КъыкІэлъыкІуэ махуэм абыхэм щыпащащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Зеикъуэ къуажэм щыпсэу, илъэси 127-рэ зи ныбжь Щауэ Нану Урысейм и цІыху нэхъыжь дыдэу къалъытащ. Абы Іэ иІэтащ УФ-м и Президентыр щыхах махуэм

Къэралым и цІыху нэхъыжь дыдэу къалъыта, Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм щыщ, илъэси 127-рэ зи ныбжь Щауэ Нану УФ-м и Президентым папщІэ Іэ иІэтащ. НэхъыжьыфІым и деж а махуэм кІуащ Зеикъуэ къуажэм къыщызэрагъэпэща хэхыпІэ участкэ №97-м и лІыкІуэхэмрэ кІэлъыплъакІуэхэмрэ.

-Нобэ сэ псоми фІыгъуэ яІэну соохъу. Дэтхэнэми Іэ иреІэт ди къэралым адэкІи зиужьын, ди бынхэр, абыхэм я бынымжэр илъэс куэдкІэ мамыру псэун папщІэ», - жиІащ Щауэ Нану.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Узэкъуэтмэ, улъэщщ

Урысейм и Президент хэхыныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм ягуэру къыщагъэлъэгъуащ къэкІуэнум фІыкІэ зэрыщыгугъыр.

Республикэм и дэнэ щІыпІи хуэдэу, Бахъсэн къалэм щыпсэуэхэр сыт хуэдэ хэхыныгъэхэми жыджэру хэтщ. Иджыри абыхэм наІуэ ящІащ а хабзэм зэрытемыкІыр. Гъатхэпэм и 18-м пщэдджыжьыр сыхьэти 8-м хэхыпІэхэр къызэрызэІуахыу абыхэм щызэхуэсащ къэралым и къэкІуэнур зэпэщу щытыным гурэ псэкІэ хущІэкъу цІыхухэр. КъекІуэлІахэм яхэтащ пщІэ зыхуащІ нэхъыжьыфІхэр, унафэщІхэр, курыт еджапІэхэм, сабий садхэм, Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щылажьхэр, щІалэгъуалэр.

ІэІэтыр кІэлъыплъныгъэ тКІийм щІэту екІуэкІащ. Зы губгъэни хуащІакъым хэхакІуэ комиссэм и лэжьыгъэм. Къалэми, абы хьихь Дыгулыбгъуей къуажэми хэхыпІэхэм емыкІуэлІэфыну дэсхэм я унагъуэхэм комиссэм хэтхэр кІуэурэ Іэ ирагъэІэтащ. Президент хэхыныгъэхэр гъэнщІат дэрэжэгъуэ къозыт Іуэхуэхмкіи. Дэнэ щІыпІи макъамэхэр къыщеуэрт, уэрэдхэр къыщыІурт, утыкухэм къыщыфрэхэрт. Къызэхуэса цІыхухэм гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ я нэгу зрагъэужьащ.

Пщыхьэщхьэ хуэкІуэу белджылы хъуащ хэхакІуэхэм я нэхъыбэр мы Іуэхум зэрыхэтар. Гъатхэ, гуГъэ, зэкъуэтыныгъэ - псори цІыхур зыгъэгушхуэщ, мамырыгъэр зыгъэбыдэщ.

УАРДЭ Женя.

● Тэрч щІыналъэ

Дей къуажэ щаубла хабзэфІыр

Ди къэралым и щІыпІэ куэдым хуэдэу, Тэрч щІыналъэми Урысейм и Президентыр щыхах махуэр щагъэлъэпІащ. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт «Россия 24», «1 КБР», «Россия 1» (КъБР) телеканалхэм гулъытэ хэха зыхуащІа Дей къуажэм а Іуэхур зэрыщІэтар.

- ДИ КЪУАЖЭМ щылэжьа хэхыпІэ участкэхэм къекІуэлІэн хуея щІыху 3092-м ящыщу 2898-р щыІащ. Процент 90-м щИгъум Путин Владимир папщІэ Іэ яІэтащ, - жеІэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алъхъащ Виталий**. - Мы гъэм къуажэдэсхэм хабзэ дахэу яублэри, лъэпкъхэр, хьэблэхэр, зэныбжьэгъуэхэр гупышхуэ зэрыгъэхъуэрэ Іэ яІэтыну къекІуэлІат. Іэщыжхэ зэрылъэпкъыу къызэрыкІуам и мызакъуэу, адыгэ фащэкІэ я щІалэхэр дзэщыхъуэпыкІат. Дэ гуфІэгъуэшхуэ етщІэкІащ а махуэм. Концертым хэтащ «Терчанка» цІыхубэ ансамблыр, Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэхэр, уэрэджыІакІуэ Хьэтыхъу Эдуард сымэ, нэгъуэщІхэри.

Танэ, джэдж 150-рэ, мэл зыбжанэ яукІри, а махуэм Іэнэ берычэт кьагъэуват куажэдэсхэм. Абы дэщІыгъут адыгэ шхыныгъуэхэр, Іэфыкіэхэр, пхъэщхьэмыщхьэ, нэгъуэщІ куэди. А псор къызэгъэпэщынымкІэ сэбэп къахуэхъуахэм ящыщщ, сыт щыгъуи и къуажэгъуэхэм защІэзыгъакъуэ КъБР-м и Парламентым и депутат ЛІэужь Адэлбий.

Щомахуэхэ зэрылъэпкъыу къекІуэлІат

Тэрч щІыналъэм хьихь Тамбовскэ къуажэм щыпсэу Щомахуэхэ зэрылъэпкъыу къэхыныгъэхэм щыІащ.

АХЭР я нэхъыжь Щомахуэ Руслан и щыэхуэсри, цІыхуи 160-рэ хъуэ хэхыпІэ участкэм екІуэлІащ.

- Нобэ дэркІэ махуэ лъапІэщ, къэралым и Президентыр хэтхыну ди лъэпкъым щыщу Тамбовскэ къуажэм дэс унагъуэ 65-р зэгъусэу дыкъэкІуащ. Лъэпкъыр, къэралыр узыншэу щытын папщІэ апхуэдэу зэкъуэтын, зэгъусэу Іуэху ящІэн хуейщ. Іэ щІэтІэта Президентыр дызэрыщыгугъыу къыщІэкІыну, къэралым мамырыгъэ щытепщэу зэрихьэну Тхьэ сольэІу! Зэманыр гугъу хъуами, и къару пэлъэщыну дыщогугъ, - жиІащ махуэшхуэм и щІыхькІэ адыгэ фащэ екІур щызэытІэгъа Щомахуэхэ я тхьэмадэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ЦІыху кІуапІэ ирехъу!

А махуэм дэ дыщыІащ Лэскэн щІыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм. ХэхакІуэ участкэ №77-р къыщыІэІуаха курыт еджапІэм дыщІохьэ. Дэ зыхудогъаззэ хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ Лъакъуэдыгъу Станислав.

- КЪУАЖЭР зэрыщыту къатщтэмэ, хэхакІуэу 2373-р диІэщ. Абыхэм ящыщу сыхьэт 18-м ирихьэлІэу 1921-м Іэ яІэтакІэщ. Ар къекІуэлІэн хуейуэ дызыпсалъэм и процент 81-р мэхъу. Хэхыныгъэхэр къыщыІэздгъэпэщэ курыт еджапІэр здэщыт щІыпІэр зыфІэжьыжьэ нэхъыжьхэм я бег ди цІыхухэр дгъэкІуащ. Ахэр унагъуэ 32-м щыІащ, зыхэкІуахэм Іэ щрагъэІэташ.

Хьэтуей а махуэм къыщызэІуахащ спортым дихьэхэм папщІэ ухуэнысгъэтельыджэ - Лэскэн муниципальнэ щІыналъэм и боксёр ринг, зэпеуэхэм еплынухэм папщІэ тІысыпІэу 300-м нэблагъэ иІэу. ІуэхуГгъэ щхьэпэм теухуа гуфІэгъуэ зэхьэхьэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкІэ и министр **Хъущт Аслъэнбэч**, республикэм спортымкІэ и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхъэмадэ **Къуэдзокъуэ Анатолэ**, Лэскэн щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ **Инжыджокъуэ Сэфарбий**, Хьэтуей администрацэм и Іэтащхьэ **Дзыхьмыщ Анзор**, къуажэм дэс нэхъыжьыфІхэр, щІалэгъуалэр.

- Боксёрхэр щІэзэхьэзэхуэну рингыр къыщызэІуахым цІыху куэд къекІуэлІащ. Іуэхур зыІэтахэм я нэхъыбэр мыбыкІи къыщІыхьащ, - къыпещэ и псалъэм Лъакъуэдыгъу Станислав. - Хэхыныгъэ махуэм ар зэрырагъэхьэлІари икъукІэ тэмэму къыдолъытэ.

Лъакъуэдыгъум зи гугъу ищІа гуфІэгъуэ зэхьэхьэм дыхэтыну къытхуимыхуами, дэ дыІухащ Хьэтуей къуажэм къыщыунэхуа спорт уэхунысгъэщІэм, тІыгъуащ абы, иджырей мардэхэм къытІасэу, тепльэ екІу зэриІэри. Шэч хэлъкъым ар къуажэм дэс щІалэгъуалэмэ, Лэскэн щІыналъэм спортым дихьэхьэу исхэми я зэхуэсыпІэ тельыджэу зэрыщытынум.

Тхыгъэри сурэтри
ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцІэ
ейщ.

Хэхыныгъэ-2018

Ди насыпщи, ди республикэм щымащІэкъым щызекІуэ хабзэмрэ нэмыс хэІэтыкІамкІэ, гъащІэм зэрехьулІэмкІэ адрейхэм къахэщ жылагъуэхэр. ЩІэ кьытезмыхьэу, икІи згъэуэнэхуауэ жысІэфынущ апхуэдэхэм Прохладнэ районым щыІэ Къэрэгъэш къуажэр зэрыхиубыдэр. Абы ар аргуэру кьигъэлъэгъащ Президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІа гъатхэпэм и 18-м.

ИПЭІУЭКІЭ дыІэбжьыщи, мы къуажэр хуабжьу цІэрыІуэу щытащ «зэманыжьми» (апхуэдэущ языныкъуэ политикхэр иджы совет лъэхъэнэ блэкІам зэреджэр). Абы щыщ цІыхуищ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь хъуат. Мыбы Чапаевым и цІэкІэ щыІа колхозыр ящыщащ хозрасчёт лэжьыгъэ зыІэпыхьыкІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу щыхуэкІуа хозяйствохэм. Реформатор ныжьыщІэхэм мэкъумэш Іэнатіэр щыхаута зэманми къуажэр етІысэжакъым. Абы щыпсэуэр сыт щыгъуи хущІокъу зыхэпсэукІын нэхъ Іэмал нэхъыфІэр къалъыхъуэну.

Иджы-щэ? Къэрэгъэш удыхьэмэ, уи гур хохъуэ, я уэрамхэр зэпэщщ, пкъо къэс уэздыгъэ фІэлъщ, уэрамхэм радиоуэлехэр щыфІэдзащ. Къуажэм Іуэхуащ Іапэ ихэр щолажьэ, абы къыхэкІыу цІыхухэм лэжьапІэ щагъуэт. Нэхъыщхьэращи, Къэрэгъэш щыпсэухэм къэралым, ди лъахэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ зы Іуэхуи къагъанэркъым ямыІэту.

Президент хэхыныгъэхэм япэ къыхэуэу унагъуэ псоми хуагъэхьащ, гъатхэпэм и 18-м екІуэкІыну Іуэхугъуэхэр зихуэдэр къыщыгъэлъэгъуэ тхыльымпІэ цІыкІуэхэр. Пщэдджьжьым сыхьэти 8-м щІидзэри Іэ1этыпІэхэр зэхуэщІыжьыу къуажэм радиоконцерт щатащ. ЩэнхабзэмкІэ унэм екІуэлІащ цІыху куэд дыдэ. Ахэр апхуэдизу Іуву къакІуэри, уеблэмэ, щІалажьэхэм, псалъэм и хьэтыркІэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гъунапкъэ постым тет полицэхэм.

ХэхакІуэ комиссэр зыщІэс, я тхыльымпІэхэр ашыкым щрадзэ пэшым уку зэзэрыщІэкІэу, уи гухэхуэр нэхъри зыгъэбагъуэ тепльэгъуэщ узыІущІэр. Къуажэм дэс щІэблэр тучкум щызэблокІ, къофэ, уэрэд жалэ, адыгэ фащэр къащыпсу ящыгъщи, нэр егъэгуфІэ.

Пщыхьэщхьэм къуажэдэс нэхъыжьхэм Іэнэ къыхуащтащ. Ахэр хъэхъуащ ди къэралым ифІ зыхэлъ Іуэху ялэжьащ я хэщІакІэну, Урысей Федерацэм дефІакІуэ жылэ Урыху къуажэр хъуну.

ИСТЭПАН Залинэ.

Щыхъуэпсэгъуэт Къэрэгъэш къуажэ

транспортыр щызекІуэфыртэкъым.

Мис апхуэдэу щІидзащ къэрэгъэшдэсхэм я пщэдджьжь дыгъэпсым. СыхьэтипщІым къызэІуахащ атракционхэмрэ сабийхэр зэрагъэджэгу хьэпшып цІыкІуэхэр щащэ тыкуэнхэмрэ. Спорт джэгуэхэр зэхаублащ. ФутболымкІэ, шахматымкІэ, армрестлингымкІэ (ІэпщэзэрыпекъымкІэ) зэпеуэхэр ирагъэблагъащ. Цыху куэд я насыпым щепльыжащ ЩэнхабзэмкІэ унэм и гупэм щагъэджэгуа лотерейхэм. Абыхэм я зэхуэдитІым саугъэтхэр е ахъшэ къахьырт.

Шэджагъуэ нэужькІэ къэрэгъэщдэсхэм куэдрэ ягу кьинэжьынущ. Абыхэм я пащхьэм концерт щатащ яхуеблагъа КъБР-м и эстрадэм и вагъуэхэм: Мэремыкьуэ Р., Уэзрокъуэ Ч., Щоджэнцыкьу А., Хьэкъуп О., Тхьэзэплъ З., Іэдисэ сымэ, нэгъуэщІхэми. Кьызэзхуэсахэм дэрэжэгъуэ къратащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакІуэхэу Къуанкъуейрэ Алимрэ Иринэрэ я Іэзагъым. Сыт щыгъуи хуэдэу, концертыр дгъэуэ иригъэкІуэкІащ уэрэджьыкІуэ Шал Хьусен и щхьэгъусэ КІэхумахуэ ФатІимэ. Мыбдежым къыщыхэдгъэщхьэхуэкІын хуейщ президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІа махуэр апхуэдизу гуфІэгъуэ зэрыхъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэм я адрей щІыналъэхэми щыІэрыІуэ Шал Хьусен куэдкІэ зэрифІыгъэр. Ар мы къуажэм щопсэу, щІыпІэ самоуправленэм и депутатщ, абы къыхэкІыу цІыхухэм къыхуащІа дзыхьыр екІуу игъэпэжьыным йогугъу. Ауэ абы и закъуэкъым, дауи, дэрэжэгъуэ къеэзытыр: Хьусен къеІуІытэ езыр къыщалъхуа икІи къыщыхъуэ фІы дыдэуи илъагъу къуажэм сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн хуэхъун хуейуэ.

Ди псалъэр ныкъуэ хьунт къызэхуэсахэр лэкъум пщтырхэр зыщІыгъу къалмыкъ шейкІэ зэрагъэхьэщІар жыдмыІэмэ. ІэфыкІэхэм я гугъу тщІыххэнкъым. Абыхэм псом хуэмыдэу щыгуфІыкІащ мыпхуэдэ гуфІэгъуэ зэхьэхьэр сыт щыгъуи «зэкІэрызыгъапщІэ» сабийхэр.

Дауи, зи гугъу тщІахэр хуабжьу щІэгъэкъуэн хуэхъуащ хэхыныгъэхэм. Иджы дэ дыщыгъуаззщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхакІуэхэм я процент 90-м ирагъым УФ-м и иджырей Президент Путин Владимир и тельхьэу Іэ зэраІэтам. ЗэкІэ хатахэм ятепщІыхьмэ, а бжьыгъэ Кавказ Ищхьэрэ псом щынэхъ лъагэщ. Абы, зэрытлъагъущи, хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ Къэрэгъэш щыпсэухэми.

ШАЛ Мухьэмэдэ.

Сытым деж нэхъыжьхэр щыхъуахъуэр?

Ди къэралым и щыпІэ псоми хуэдэу, Урысей Федерацэм и Президент хэхыныгъэхэр Іэтауэ щекІуэкІащ Лэскэн районым хыхьэ Урыху (Къуэгъупльэкъуей) къуажэм. Ар екІуу къыщызэрагъэпэщам и нэщэнэ куэд хэлъхьагъуэрт Іуэхум.



МАХУЭ КЪЭС къуажэм и гъащІэр зыльагъу цІыхум сыкъыгурыІуэнщ. Лэжьыгъэ щІагъуэ зыдэмыльэ, зэрымыгъэнэгъуми емылЬэтауэ (километр 50-м щІигъукІэ пэжьыжьщ къалащхьэм), куэд дыдэ Налшык къакІуэурэ щылажьэ жылэм хэхыныгъэм хэтыну гукъыдэж имыщІынри хэльынт Іуэхум. «Сэ Іэ сІэтми сымыІэтми мыхьэнэ иІэкъым, тІум щыгъуэми хахынур хахынущ» жызыІэм и псалъэр дэзыІыгъуа щІэнут. АтІэми, «Уэлэхьи, си пІэкІэ езыр зыхуейр хахыну хуэмурэ зыгъэкІэ хэуэну. НэгъуэщІуи дауэ?!

Урыху къуажэм и курыт еджапІэ №2-м щыІэ хэхьэпІэм нэхъыжьхэри, курыт ныбжьым итхэри, балигъ хъуауэ Іэ иІэтыну хуитынкІыгъэр зыльысагъащІэри уэру щызэблокІ. Зэманыр шэджагъуэпІэм иувауэ арами, къуажэм дэсым и нэхъыбэм Іэ яІэтауэ пІэрэ жьпІэну цІыхушхуэ къоІуапІэ.

ЦІыху миниллІрэ щитІрэ зыдэс Урыху къуажэм хэхыныгъэм хэт щыхъуну ныбжьым нэсауэ 2225-рэ иІэщ. Абы щыщу 2115-м Іэ зэрагэтар гуапэщ. Апхуэдизуи къуажэм щхьэхуэу Іэ щаІэтащ Урыху пэгъунэгъуу щыІажьэхэм, псалъэм и хьэтыркІэ, Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гъунапкъэ постым тет полицэхэм.

ХэхакІуэ комиссэр зыщІэс, я тхыльымпІэхэр ашыкым щрадзэ пэшым уку зэзэрыщІэкІэу, уи гухэхуэр нэхъри зыгъэбагъуэ тепльэгъуэщ узыІущІэр. Къуажэм дэс щІэблэр тучкум щызэблокІ, къофэ, уэрэд жалэ, адыгэ фащэр къащыпсу ящыгъщи, нэр егъэгуфІэ.

Пщыхьэщхьэм къуажэдэс нэхъыжьхэм Іэнэ къыхуащтащ. Ахэр хъэхъуащ ди къэралым ифІ зыхэлъ Іуэху ялэжьащ я хэщІакІэну, Урысей Федерацэм дефІакІуэ жылэ Урыху къуажэр хъуну.

ИСТЭПАН Залинэ.

Шэч къытрахьэртэкъым

Нарткъалэ, хабзэ зэрыхуэхъуам тету, сыт хуэдэ махуэ хэхари гуфІэгъуэ дауэдащхэмкІэ къызэІухари, Іэтауэ ирагъэкІуэкІ. Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэхэми жэуапльныгъэ ин зэрыпльыр, абы цІыхухэр зэригъэплейтейр, я къэкІуэнум фІыкІэ зэрыхуэхъуапсэр щызыхэпщІэу зэгъэпщат гъатхэпэм и 18 махуэр. Пщэдджьжь дыгъэпсым дощІэращІэу районым и хэхыпІэр къызэІуахащ. ЦІыхуэр нэмэзым щегъэжьауэ къэкІуэн щІадзащ я гугъапІэхэр зрапх къулыкъущІэм папщІэ Іэ яІэтыну. Аруан районым исхэр абы и лъэныкъэкІэ жьыджэру къыщІэкІащ. Ерчэн Тембулат и щІэр зэрихьэу Нарткъалэ дэт физкультурэ-узынышагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапі эм и утым сабий 300-м щигъу зыхэт флешмэб щрагъэкІуэкІащ. «Си Урысей» фІэщыгъэщІэм щІэту ныбжьыщІэ цІыкІуэхэр къэфащ, уэрэд жалащ. Хэкум, лъэпкъхэм я зыужьныгъэм, къэкІуэнум фІыкІэ зэрыхуэхъуапсэм щыхьэт техьэу, узыгъэгушхуэ зэхьихэт ар.

Аруан район администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Азэмэт хэхьпІэм къэкІуащ мы гъэм и щэкІуэгъуэм зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъуну Руднев Иван и гъусэу. Унэм щІэсу Іэ иІэтыфэнчт нэхъыжьыфІым, ауэ цІыхухэм къахьихьэну нэхъ кьищтащ. Апхуэдэ дыдэу Іуэхум дзыхьышхуэ хэлъу бгъэдыхьащ щІалэгъуалэри. Абыхэм политикэ Іуэхум нэхъ хащІыкІ зэрыхъуар, щыпсэу къэралым, республикэм зэрыхуэпэжьр, я къэкІуэнур я Іэкіэ зэраухуэжьр къигъэлъагъуэрт а махуэм.

Къэралыр пльэщ, ди лъахэр бжьыфІэ хъун папщІэщ нэхьыбэм Іэ щІалэтар. Дэтхэнэми дзыхь зригъэзам бгъэдалъ зэфІэкІым тепсэльыхьыр, нэхъыбэм ябзыщыртэкъым Путин Владимир иригъэкІуэкІ политикэр зэрыдаІыгъыр, абы пхиша гъэзгум къэралыр фІым зэрихуишэнум, уеблэмэ ар зэрытекІуэнум шэч кьытрахьэртэкъым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Терскол къуажэм дэс нэхъыжьыфІхэр гъатхэпэм и 18-м екІуэкІа хэхыныгъэхэм хэтащ. Къэралым, щІэблэм я пщэдейр нэхъыфІу къахуэзыгъэпэщыну къалъытэр хэхыпІэ участкэ №355-м къыщагъэлъэгъуащ абыхэм.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ

ТХЬЭМАДЭХЭМ жаІэ къэралым и Президентыр хэхыныр мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхугъуэзу зэрыщытыр, абы кьыдэкІуэтей щІэблэр зыхэпсэукІыну дунейр, къэралым зэрызиужьынур куэдкІэ зэрелъытар. «Дэ дымыкІуэмэ, хэт Урысейм и Президентыр хэзыхьынур? Ди бынхэм, абыхэм я щІэблэм я къэкІуэнур араш зэлъытар, ар дауэ къызэрыпфІэмыІуэхунур?! Къыщалъхуа хэкур, адэжь щІыналъэр фІыуэ зыльагъу псоми ди къалэнщ ар», - кьыддогушэ Терсколь къуажэ дэс Тилов Борис.

Псори зэхэту Терсколь цІыху 1163-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу 592-р хэхыныгъэхэм хэтащ.

Адрей щІыналъэхэми хуэдэу, Терсколь къуажэм хэхыныгъэр щекІуэкІ щыпІэм макъамэр махуэ псом щыуныІакъым, щІыналъэм и къэфакІуэ, уэрэджыІакІуэ гупхэм къызэхэсахэм я гукъыдэжыр къаІэтащ. Абдежым къыщызэрагъэпэща лъэпкъ пщІантІэ цІыкІуэхэм къыщІэкІащ. Ар щІыналъэм и гъэпсыгъуэ ерыскъы берычэтым щыщ хуей псоми зыІуагъэхуащ.

ТАРИМ Алисэ.
Іуащхьэмахуэ щІыналъэ.

Дунейри къыддэгуфІэрт

«Хэхыныгъэхэр щекІуэкІа махуэр Лэскэн щІыналъэм дежкІэ гуфІэгъуэ тІуащІэу щытащ», - жиІэ ди дыщыуэну къыщІэкІынукъым.

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиІэ политикэ Іуэхум цІыхухэр къызэрыхуэзщІэуам, зэрызэришэлам, я гукъыдэжым зэрызыкъригъэІэтам и мызакъуэу, а махуэм, дыкъызыухъуреихь дунейри къыддэгуфІэу, зэрызыкъыддищІыр дигъэгъащІагъуэу, зыкъыддигъэльэгъуащ, узэфІу, кьыхуэзэшыа щыгум дыгъэр зуэфІу къытепсэу.

Лэскэн щІыналъэм хьихьэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щэджагъуэ нэужькІи дыдыхьащ. Уэрам нэхъыщхьэу зэщІэдымам дрижэри, губгъуэмкІэ дэддзыхащ. Абыкіэ щыІэщ зэхьилІэ участкэ №70-р къыщызэІуаха курыт еджапІэр.

Дэ ди нэгум къыщІидзащ а щІыпІэр зэрызэлъыІухари, зэрыгъэщІэрощІари, машинэхэр абдеж Іуву зэрыщыІэзэхэри, школ пщІантІэм и бгъумкІэ лэгъупльэмпІэхэр зэрыщызэфІэдзари. Къыздетхэжьа сурэттех, тхыльымпІэ кІапэ, сытхэр зэдгъэзэахэу дыздэщытым, дэ зыкъыддигъэльэгъуащ, узэфІу, кьыхуэзэшыа щыгум дыгъэр зуэфІу къытепсэу.

Лэскэн щІыналъэм хьихьэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щэджагъуэ нэужькІи дыдыхьащ. Уэрам нэхъыщхьэу зэщІэдымам дрижэри, губгъуэмкІэ дэддзыхащ. Абыкіэ щыІэщ зэхьилІэ участкэ №70-р къыщызэІуаха курыт еджапІэр.

Дэ ди нэгум къыщІидзащ а щІыпІэр зэрызэлъыІухари, зэрыгъэщІэрощІари, машинэхэр абдеж Іуву зэрыщыІэзэхэри, школ пщІантІэм и бгъумкІэ лэгъупльэмпІэхэр зэрыщызэфІэдзари. Къыздетхэжьа сурэттех, тхыльымпІэ кІапэ, сытхэр зэдгъэзэахэу дыздэщытым, дэ зыкъыддигъэльэгъуащ, узэфІу, кьыхуэзэшыа щыгум дыгъэр зуэфІу къытепсэу.

Лэскэн щІыналъэм хьихьэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм щэджагъуэ нэужькІи дыдыхьащ. Лэскэн ЕтІуанэ къуажэ адміністрацэм и унафэщІ **Уэркъуасэ Анзор**.

- Сыхьэти 10-м тІэкІу фІэкІауэ араши, хэхакІуэу диІэ цІыху 1600-м и ныкъуэм нэблагъэ участкэм къекІуэлІащ икІи Іэ щаІэтащ. Псом нэхърэ нэхъ лъапІэр, сызэреплъымкІэ, хуитыныгъэмрэ мамырыгъэмрэщи, а бгъэдыхьэкІэм мыбдежми дыщытетщ. ЦІыхуращ псори зытеухуэжар. Абы илажьын иІэу, и унагъуэм зэрызригъэужьын, иригъэшхын игъэту, и хуитыныгъэм зыри зэран къыхуэмыхъуу псэунырщ, араш нэхъыщхьэу хъэсЛыгъэр.

- Анзор, мо ерыскъы Іэнэхэр къэзыІэтар хэт сымэ?

- Жылэр мамыру, къуажэм дэсхэр зэгурыІуэу щытмэ, сыт хуэдэ Іуэхури псынщІэу зэфІэкІынущ. Нобэ а узыщІэпщІэмкІэ дэІэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ хьэрычэтыщІэ Сомгъур Анзор. Абы «КъекІуалІэхэм ди ерыскъы яІудгъэхуэнщ» жиІэри, жэрдэм къыхилъхьащ. ИкІи мы Іуэхумкіэ абы гъусэ хуэхъуащ КъаГьырымэ Руслан, Сомгъурэ Рустам, Анзор сымэ (иужьрейр Борисщ зи къуэр). Абыхэм фІыщІэ яхузощІ. Мыдрейуэ, нобэрей махуэр псоми угъурлы Тхьэм тхуищІ!

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ.

Тырныауз къалэм щыщ Смирновхэ я унагъуэм гъатхэпэм и 18-р я гуфІэгъуэ тІуащІэ хъуащ. УФ-м и Президентыр щыхах махуэм ирихьэлІэу Максимрэ Маринэрэ я нэчыхьыр ирагъэтхыну мурад ящІащ, зи къэралым зезыгъэужьыну хущІэкъу хэкупсэ нэсхэу зэрыщытыр кьагъэльагъуэу.

ТЫРНЫАУЗ къалэм Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Щэнхабзэмкіэ и унэм и хэхьпІэ участк №347-м абыхэм япэщыкІэ Іэ щаІэтри, я нэчыхьыр ирагъэтхащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, а махуэм Тырныауз къалэм и жылагъуэ транспортыр цІыхухэм пщІэнщэу къагъэсэбэпыну Іэмал зэрапІар. Апхуэдэ унафэ кьищтащ «Эльбрусстранс» ООО-м. Гъатхэпэм и 18-м а Іуэхутхьэбзэр хуащІащ къалэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ.

ЖЬЫБГЪЭ Сэлисэт.

● Ди махуэгъэпс

ЩІым и махуэ

«ЩІым и махуэ» зыфІаща Іуэхугъуэр 1971 гъэм япэ дыдэу США-м щагъэлъэпІащ. Ар хуагъэзащ гъатхэпэм и 20-21 махуэхэм. Абдежраш дыгъэм и нэхур жэщым и кІыфІри я кІыхьагъкІэ зэхуэдэ щыхъур. КъызэралытэмкІэ, а лъэхъэнэ кІэщІым щыІуэпсым и щытыкІэм зехъуэж.

СЫТ ЖЫЖЬЭ дыщІэІэбэнур? Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм гъатхэпэм и 21-р Илъэсыщ Іэ кьыщихь махуэу къалъытэ. Мажуси диным кьыхэкІыу ди дежкІэ мафІащхьэ джэдри щыхьэт зытехьуэр аращ. Ауэ мы махуэр, зэрыжытІащи, диный гъэсэгъэ гуфІэгъэщ. ООН-м и штаб-фэтэру Нью-Йорк щыІэм илъэс кьэс гъатхэпэм и 21-м кьыщуоуэ Мамырыгъэм и тхьэгъушыр.

Махуэшхуэм и кІалэн нэхъыщхьэр щыхуэхэр щыІуэпсым нэхъ сакъыу хущытыным кьыхуеджэнырщ, псоми ди эздай «Унэм» - ЩІы Хьурейм - щыхьныныр ди къэралым ЩІым и махуэр гъэлъэпІэн щыщІадзар 1998 гъэращ. Мамырыгъэм и тхьэгъушыр япэу щагъэджар 2008 гъэращ. Абы дыкІэрыгъэ Урысей Федерацэм ЩІыуэпсым и хьэгъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм, УФ-м и Къэрал Думэм ЩІыуэпсыр къгъэсэбэпынымрэ экологиемкІэ и комитетым, Урысейм и Президентым деж щыІэ Жылагъуэ палатэм, властым и федеральнэ я1ыгъуэ Іуэхущ1апІэхэми а махуэм гулъэтэ хэІэтыкІа хуащІ икІи ар гъэ кьэс цІыхубзм дагъэлъапІэ.

Гудзакъэ тхэлъу дыкъэзыухъуреихь дунейм дыхущытыным, гулъытэ хэІэтыкІа абы хуэтщІыным екьэлІауэ гъатхэм кьрахьэжьэ Іуэхугъуэ дахэхэрщ «ЩІым и махуэ» зыхужьытІэ хъунри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 20, *гъубж*

♦Насыпым и дунейпсо махуэщ

♦Астрологием и дунейпсо махуэщ

♦Франкофонием (франджыбзэм щрипсалъэ щІыналъэхэм я зэгухьныгъэм) и махуэщ. Абы хохьэ къэрал 56-рэ.

♦Социальнэ лэжьыгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Лы мышхыным и дунейпсо махуэщ

♦Башкирием автономие щигъуэта махуэщ

♦Тунисым и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ

♦1535 гъэм Урысейм япэ дыдэу ахъшэ реформэ щрагъэкІуэкІащ.

♦1930 гъэм Москва авиацэ институт (МАИ) къыщызэІуахащ.

♦1933 гъэм ВКП(б)-м и ЦК-м «Москва метрополитен щыкуэнным теухуауэ» унафэр кьищтащ.

♦1944 гъэм Дохъушыкъуей спирт заводым, зэрагъэпэщыжьа нэужь, лажьэу щІидзэжащ.

♦1992 гъэм «Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь» цІэмрэ «Дыщэ вагъуэ» медалымрэ ягъэуващ.

♦«ЩІыхь» орденым и нагъыщищи зыхуагъэфэща Мусэ Менлы къызэрадыхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Урысей пианист, СССР-м и щІыхубзэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Рихтер Святослав** къызэрадыхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Композитор, КъШР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Абдокъуэ Юрэ** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, телеинэтыныхэр езыгъэкІуэкІ **Стриженовэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуэтмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыІтынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 21, *бэрэжьей*

♦Лъэпкъ зэхэгъэж зэращІыбэ ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Усыгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Гуащэ зыщІым и дунейпсо махуэщ

♦Даун узыфэр зыпкърытхэм я дунейпсо махуэщ

♦Мэзэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Гуащэ театрым и дунейпсо махуэщ

♦Къуэкіыпіэ Гьунэгъум хьхь з ярадлхэм щаІащІ

♦Гъэрэ щІырэ щызэхэкІ махуэщ

Куржым и гъунапкъэхъумэхэм я махуэщ

♦1918 гъэм Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ Совет властыр щагъэуващ.

1935 гъэм Персием и цІэр Иран жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦Нэмыцэ композитор цІэрыІуэ **Бах Иоганн Себастьян** къызэрадыхурэ илъэс 333-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыІакІуэ, актёр, эстрадэм и артистхэм ящыщу «СССР-м и цІыхубэ артист» цІэр япэу зыфІаща **Утёсов Леонид** (и цІэунэцІэ дыдэр **Вайсбейн Лазарщ**) къызэрадыхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакІуэ **Махъсидэ Залымхъан** къызэрадыхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Совет дэз кхъухьльатэзэхуэ, авиацэм и генераллейтенант, Сталин Иосиф и къуэ **Сталин Василий** къызэрадыхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ, АР-м и цІыхубэ артистэ **Жанэ Нафисат** къыщалъхуа мафэщ.

♦Индж ылызым щыщ киноактёр цІэрыІуэ, Бонд Джеймс и ролыр нэхъыфІу зыгъэзэщІахэм ящыщу къалъытэ **Далтон Тимати** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦УФ-м нэгъуэщІ къэрал Іэхуэхэмкіэ и министр **Лавров Сергей** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Абхъаз Республикэм и президент **Хаджимбэ Раль** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Адыгэ суэрэтыщІ **Хъуажь Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Джатокъуэ Олег** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Нэмыцэ футболист цІэрыІуэ, тренер Іэзэ, дунейми Европэми я чемпион **Маттеус Лотар** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Бразилием щыщ футболист цІэрыІуэ, дунейми къэрал зыбжанэми я чемпион, кубок зэмылІэужьыгъуэхэр къэзыхьа, «Дынщэ топ», нэгъуэщІ саугъэт куэд зыхуагъэфэща, ФИФА-м топджэгу нэхъыфІ дыдэу 2004, 2005 гъэхэм къыльата **Рональдиньо** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуэтмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыІтынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэзых къыщІэкъынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 5 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

ЩІыщІэ мэш бэвщ.

Адыгэ бзылъхугъэ

Зи нэхэм куэд къаІуатэ артисткэ

«Бзур щыплъагъур уэгурамэ, артистыр къыщыпцІыхур утыкурщ», - жыІэгъуэм тетр бжэщхьэІум зэ хьэхъуми ебэкъуа дэтхэнэри арэзы техъуэнущ. Пэжу, артистым и цІыху щыкІэр умыщІэми, абы игъэзащІэ ролым елъытауэ гущыкІ хуэпщІыври Іэхъум хэлъщ, кІыІэгъуэм тетр бжэщхьэІум зэ хьэхъуми ебэкъуа дэтхэнэри арэзы техъуэнущ. Пэжу, артистым и цІыху щыкІэр умыщІэми, абы игъэзащІэ ролым елъытауэ гущыкІ хуэпщІыври Іэхъум хэлъщ, кІыІэгъуэм и щыкІэхъым. Ар артистым и зэфІэкІ лъагэм и щыхьэту аращ. Апхуэдэ артист зырызхэм ящыщщ Цей Ибрэхьим и цІэр зезыхьэ Адыгей драмэ театрым и артисткэ пажэ Нэхей Маржанэ.

ДИ ТЕАТРЕПЛЪХЭМ абы и зэфІэкІыр гъэ кІуам ягъэнэжну Іэмальфі яІащ, режиссёр ЕлкІуж Андзор игъэува «ПЫщІэж» спектаклым Маржанэ нысэм и ролыр щигъэззэщІащи. Псалъэ лей хэмыту, лІыхъужьым и хьэлыр, и Іуэху еплъыкІэр къзбгъэлъэгъэну гугъу дыдэщ, ауэ ар хуэзфІэкІат Нэхейм. Арагъэнщ абы щхьэкІэ ЕмкІужьм «Зи жьэм нэхърэ зи нэхэм нэхъыбэ къаІуатэ артисткэ» щІыхьажІар. Маржанэ Тхьэкъуахъуэхэ ялхъщ, лъэпкъкІэ Куэшхьэблэ къуажэ щыщщ. ЗэрыщІэщи, а къуажэм дэсхэр къэбзэрдей адыгэхэм ящыщщ. Артистхэр щагъэхьэзыр ГИТИС-р кІыІэриухрэ и зэфІэкІ хигъахъуэу, Іэзагъэу бгъэдэлъыр кІуэ пэтми нэхъ кІыІэхъуихыу мэлажьэ ар.

«Жан» литературэ хасэм кІыІэриГъэпэщ усэ пшыхьхэм я зи чэзу «ЩІымахуэ» зэхыхьэм Маржанэ хэтыну кІыщыгъуеблагъэм нэхъ ГъунэгъуІу зэдгъэщІхуащ. А артист пажэм заищІэу дыболъагъу ар зэрыщІыху тыншыр, гъащІэр, Іэщ!агъэр, кІызыхэкІа лъэпкыр фІыуэ зэрилъагъур.

- «Жан» хасэм кІыІэзригъэпэщ усэ пшыхьхэм илъэс зыбжанэ хъуауэ Интернеткі сакІэлъоплъри, сыт щыгъуи сыхэтыну сохъуапсэ. Иджыщ ар кІыщІэзэхъулар. Хуабжьу сынасыпыфІэщ, - кІыддогуашэ Нэхейр.

Маржанэ курыт еджапІэм щыщІэсым спортым дихьэхырт. А унэтІныныгъэрауэ кІыщІэкІынт кІыхьихьнури, ГИТИС-м щрагъэджэну адыгэ гупыр кІыхьахьу зэхэзыха и анэм тримыгъэгушуамэ. Маржанэ жеІэ бжэщхьэІум зэребакъуэу театрым зэриткъэкъуар, нобэр кІыздэсым абы и мэгъу къарум имыутІыпщыу зэриІыгъыр.

Езы артисткэм зэрыжиІэмкІэ, абы и лэжьыгъэр куэдкІэ кІыдегъэпсынщІэ и щхьэгъусэ Нэхей Іэдэми театрым зэрыщылажьэм. «Ди Іэнатіэм хэмыт цІыхум тыншу укъыгурыІуэрыхьэ. Артистым и гур утІыпщауэ утыкум итыфын щхьэкІэ и Іуэхур кІыддзэІыІгъ щІыбагъ быдэ иІэн уеиІщ. Псалъэм папщІэ, нэгъуэщІ зыгуэрмэ, усэ пшыхьым сыхэтыну си закъуэ Налшык сыкъэмгъэкІуэну фІэщ щІыгъуейт. Зы Іуэхум хэт зэщхьгъэсхэм я унагъэр нэхъ быдэ хъууэ къысфІощІ, ауэ ари езы цІыхухэрауэ къыщІэкІынщ зэлъытыжар».

Хъурум Хъусейм «Гуащэмыдэ и нысэ хэдэкІэ» и гушыІэ пьесэм Ленарэ и ролыр щегъэзащІэ Маржанэ. А спектаклыр ягъэлъагъуэу театрым зэрыреспубликэу къыІэзэкІкІухьащ. Къуажэ нэхъ пхьидзахэми щыІати, цІыхухэм хуабжьу ягу ирихьауэ къыпэджэжащ.

Артист куэдым къащхьэщыкІыу Маржанэ роль хэпІэыхь ищІыркъым, езым игъэззэщІахэм щыщуи и псэм фІэмыфІ яхэткъым. Абы зэрыжиІэмкІэ, ар зыщІэхъуэпс ролхэр игъэзэщІащ, ауэ нэхъыбэу хьэл хэха зиІэ цІыхухэр кьигъэлъэгъуэну нэхъ кьещІэ.

«Театрыр си гъащІэщ, ар хэмыту си дунейр си нэгу къыслухущІэгъэхьэркъым. Иджы кинохэми сыщылэжьэн щІэздзащІ, абыи хуабжьу сыдехьэх. Кинор театрым нэхърэ нэхъ тыншу къэзылъытэ щыІэщ, ауэ сэркІэ зэщхьэщыкІыныгъэшхуэ яІэкъым абыхэм. ЕмкІуж Андзор и фильмыщІэм сыхэтщи, сфІэгъэщІэгъэнщ. Спектаклым хуэдэущ абы кино зэрыгрикьир. Артисту хэтын хуейр хэту, я нэм ущІэлъэу уоджэгури, арагъэнщ сэркІэ абы зэщхьэщыкІыныгъэ щІимыІэр».

Сыт хуэдэ артистми хуэдэу Маржанэ и хъуэпсапІэхэр театрым, ролыщІэхэм ехьэлІащ. Безруков Сергей и театру Москва щыІэм и зэфІэкІхэм щеплІэжьыну, и Іэзагъ къыщигъэлъэгъэну щІохъуэпс ди лъэпкъэгъу артисткэр. ЗэрыжаІэщи, хъуэпсапІэм иІэну гъащІэр зэлъытыжар езы хъуапсэращи, Маржанэ и хъуэпсапІэхэр зэрызригъэхъулІэнум шэч къытетхьэркъым.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Анэ, анэшхуэ, шыпхъу гумащІэ

● Ди нэхъыжьыфІхэр

Ди газетым илъэс куэд щІауэ и ныбжьэгъуфІхэм ящышщ иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуа Хьэмыкъуэ Марие.

МАРИЕ и гукъэкІыж гъэщІэгъуэнхэмрэ и Іэдакъэщ!экІ усэхэмкІэ мызэмытІэу ди газетеджэхэм я пащхьэ ихьащ. ГъащІэ гугъу езыхьэкІа, ауэ щыхъуКІи абы губзыгъэу хэпсэукІа бзылъхугъэм и тхыгъэхэм щІэлъ гупсысэкуум и лъабжьэр къыщежьэр къикІуа гъэзгуанэм наІуэ ещІ.

Хьэмыкъуэ Марие 1938 гъэм Тэрч щыналъэм хыхьэ Дей къуажэ къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс фІэкІа мыхъуу адэнэшэу къанэри, хъыджэбзищыр я анэм и закъуэ ипІащ.

Лъэхъэнэ гугъуэм зэрыхалъхуам, и узынщагъэми сэкъат зэриІэм емылытауэ Марие и гур мыкІуэду ерыщу гъащІэм езым и увыпІэ щызыІэригъэхьащ. ІэщІагъэ нэхъыщхьэу тІу зригъэгъуэта иужь (КъБКъУ-м Егъэджакіуэхэр щагъэхьэзыр къудамэмрэ журналистикэмкІэ факультетымрэ) къыщалъхуа къуажэм илъэситхукІэ адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ щригъаджэу щылэжьащ, иужькІи Іэнатіэ зыбжанэ зэрихъэкІащ. Налшык дэт «Искож» комбинатым илъэсищкІэ экономисту щыІащ, итІанэ кадрэмкІэ къудамэм и унафэщІ къаІэнхэр ирихьэкІащ. Марие и насып къыщыкъуэкІам и шыпхъухэм я бынитІ ипІырт. Комбинатым яГуэсу щылажьэ урыс щІалэрат абы къылыхьъуари, сабиитІри езым ейм хуэдэу ипІыну къыщигъэгугъэм, тегушхуащ. Сапранович Валерий и псалъэм епщІыжакъым, абырэ Марие зэдгъэпэта щІалитІым памыщІу мылъхубынхэри япІащ. Ахэр балигъ хъуа иужь дэтхэнэми и псэм фІэфІ Іэщ!агъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ. Иджыпсту ахэр ехъулІэу Іэнатіэ куэдым щолажьэ, я цІэр фІыкІэ ираІуэ зэпытщ. Унагъуэр Ставрополь щыналъэм зэман гуэркІэ зэрыщыпсэуам емылъытауэ, зэщхьэгъусэхэм я бынипІІми адыгэбзэ ирагъэщІащ, хабзэм тету гъэсэныгъэ дахи халъхьэфащ.

Хьэмыкъуэ Марие жьыщхьэ махуэщ: и бынхэм, абыхэм я быныжхэм кърат гурыфІыгъуэрщ къаруу мыкІуэщІ къыхэзыльхьэр. Ар зыщІыхухэр фІыуэ щыгъуазэщ хэлъ цІыхугъэм и инагъымрэ, зэхэщІыкІым и кууагъымрэ. ЗэрыжаІэмкІэ, Марие и адэшхуэ Хьэмыкъуэ Маш ещхь хъужауэ аращ.

Маш и хъыбар куэд къыбжаІэжыфрынущ Дей къуажэ щыпсэухэм. Езым и унэр псы Іуфэм Іус уэрамрат зыхуэзэри, къуажэдэсхэр псым зэпрыкІын папщІэ я псэм телъ бэлыхьыр илъагъурт. Дей лъэныкъуэмкІэ укъикІыну Тэрч къалэ удыхьэн щхьэкІэ щэд ин уэзэпрыкІын хуейт. Зэпэщ!эхауэ нэгъуэщІ щыпІэхэм дежи хуэзэу зыбмыж 11-м нэс трилъхьауэ щытащ а лІы ахъыпрэманым. А лъэмыжжэм япэмыжьжьэу псынэ хэпщІытІат, псы хуэлІэ гуэгурыкІуэр щыгуфІыкІын хуэдэу, абы и бгъум псей, щиху, тхуей жыг баринэхэр къригъэтІысэкІати, цІыхухэм зыгъэпсэхупІэ яІат. Ар зи щапхъэу къэтэджа къуэрылъхури сыт щыгъуи хуэныкъуэмрэ къулейсызыгъэ къызылъысахэмрэ защІигъакъуэрт, къилэжьым сэджыт химыгъэкІыу кэхъуртэкъым.

Марие и ныбжьыр илъэс 80-м щІигъуами, нобэр къыздэсым абы и сэбэп цІыхухэм ярегъэкІыф. Налшык къалэ Комаровым и цІэр зезыхьэ уэрамым и унагъуэ дахэм хэсу щопсэу ар икІи я хьэблэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ фІы куэд елэжь.

ЦІыху гъащІэм и беягъыр и ІуэхущІафэкІэ къабжмэ, Хьэмыкъуэ Марие цІыху насыпыфІэщ. И бын дахэм, абыхэм къатепщІыкІыжахэм я хъер илъагъуу, яхуэзыушэу илъэс куэдкІэ ящхьэщыгъыну дохъуэхъу нанэ Іуматхуэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Си гугъэщ уэ узигъусэу

Дыкъыщ!ыхьэжым, ди анэ,
УгуфІэу уэ укъытпежьэрт,
Ди щхьэм уэ Іэ къыдэплъамэ,
Гукъеуэр тщхьэщыкІуэтыжырт.

Гуапэу ди нэгу укъиплъамэ,
Ди сабингур хэбгъахъуэрт.
Жэщым зэчыр епшэжьамэ,
Жей Іэфы Ім дэ дыхилъафэрт.

Пщэдджыжьым дыкъэтэджамэ,
Ди Іэнэр хьэзыру зытетт,
А Іэнэм улъэІэсамэ,
Телъ псори фоупсу къытщыхъут.

Узимы Іэжми, си анэ,
Си гугъэщ уэ узигъусэу.
Сыпхэну сетІысэхамэ,
Къысщохъур укъызбгъурысу!

Ущимы Іэжкі Іэ уи анэр
КъакІуэр «аращ» жыпІэу уожьэр.
Ещхь блэкІыу плъагъум уи анэм,
Ара унгугъэуэр уоджэр...

СЫКЪУН-БОТЭЩ Сонэ.

БЫЛЫМГЪУЭТ Оксанэ:

Гугъуехьырщ ехъулІэныгъэм и щэхур

***Лъэпкъ фащэхэр дын зэрыщІидзэрэ куэд мыщІами, Быльымгъуэт Оксанэ и Іэпэ!эсагъым щІэхьуу и цІэр игъэІуащ. Адыгэ фащэ зыду Кавказ Ищхьэрэм ис дэрбзэр нэхъыфІхэм ящыщыр пщащэр. Абы и щыхьэтщ илъэс зыбжанэ ипэкІэ ар зыхэта «Этно-Эрато» дунейпсо зэпеуэм «Кавказ Ищхьэрэм и фащэ нэхъыфІ» Іыхьэм ещанэ увыпІэр. Іыхьэрыщщыхуэгъэфэщар. Абы иужькІэ Лъэпкъхъэм я унэу Москва дэтым и Іэдакъэщ!экІхэм я гъэлъэгъэныгъэрэ творческэ пшыхь екІурэ щыхуащІащ. Дэрбзэр ныбжьыщІэм хамэ къэрал щыпсэухэми, ди деж щыІэхэми яхуида фащэхэмкІэ загъэщІагъуэу хьэгъуэлІыгъуэхэм хэтщ, лъэлкъ махуэщхуэхэм деж щагъагъэ. Дэным и закъуэкъым Оксанэ зыхуэІэзэр, абы дахэ дыдэу сурэтхэр ещІ, нэгъуэщІ Іэщ!агъэ куэдми хуэІэижьщ.*

Зи щхьэ дымыльагъуу зи цІэ куэд дыдэрэ зэхэтха пщащэр нэхъ гъунэгъуу зздгъэщІыхуну ди хьэщІэщым хьедгъэблэгъащ. И Іэщ!агъэр къыззрыхиха щыкІэращ ягъу дызыщІэупщІари.

- КъУАЖЖЭКІЭ Хьэтуей сыщыщщ, ауэ дыщыпсэур Налшык къалэращ. Иджыри сысабийуэ къуажэм дыкІуэжауэ сытрагъэуну адыгэ хьэрфыльэ къысІэщІалъхьат. Тхэкіи еджэкІи сщІэртэкъым, сурэтхэм сеплъурэ напэхэр зэтездзурэ, адыгэ фащэкІэ хуэпа хьыджэбзым си нэр техуащ. А дакъикъым къару гуэрым сызэщІыубыдащ, къысщыщІари къызгурымыІуэу. Абдежым зыми зыри щыжеСІакъым, ауэ хуэажэм сыкІуэжьу а тхылъым фІэкІа плъапІэ сиэтэкъым, зыщызгъэнщІтэкъым фащэкІэ хуэпа хуэджжэбзхэм я теплъэ уардэм. Нобэми си нэгу щІэтщ а сурэтыр. Абы иужь куэд дэмыкІыу, илъэситху сыщІрикъум, си я!пэ фащэр си адэм схуригъэдаауэ щытащ. СощІэж ар къызыхащІыкІыну щэкІыр къызэрыхэсхэр. КъызэрыщІэкІамкІэ, сызэхъуэпсар нэхъ щэкІ лъапІэ дыдэрат.

Си анэшхуэри си анэри дэным хуэІэижьти, абыхэм ящІэм сеплъурэ сэри сыдихьахащ. Си адэм сурэт щІыныр къохъуліэ, ауэ хэубыдыкІауэ зыщІыпІи зыщигъэсакъым. Сэ сыт щыгъуи сыІэхъуэпсырт дэрбзэр сыхъуну, арат КъБР-м Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкІэ колледжым сыщІыщІытІыхьащи. Ящ илъэситІыр къэдуха иужь, ди аджапІэм и унафэщІым цІыху зыбжанэ гупым дыкъыхишри къыдэпсэлъащ. Къалэ хадэхэр, унэ бжэлупэхэр къэкІыгъэкІэ гъэдэхэныкІэ щІэрыщІэу къызэІуэаха къудамэм щеджэну дэр нэмыщІ зыми хуамыгъэфащэу щыжиІэм, дегупсыри, арэзы дыхьат. Ар къэзэури си Іэщ!агъэмкІэ Іэнатіэ сымыгъэуту илъэскІэ сыщысаугъэ телефонхэр щащэ тыкуэным сыуври, илъэситхум нэблагъэкІэ сылэжьащ. Хьэсэнэй лъэныкъуэкІэ щыІэ Ботаникэ садым лэжьапІэ сыкъащтэну щыжаІэм, сыгуфІэу арэзы сыхъуат. Абы щыщІэхэм къапэкІуэ щыІэкъым, ауэ си проект гуэрхэр ягу ирихьри, Шэшэным сыщ!ажьэну срагъэблэгъати, сытегушхуахьэм. КъыкІэлъыкІуэу сэ зеспщытащ Іэбжьанэр гъэдэхэным. ЦІыхухэри къакІуэт, сэри мыйеІуэ къызэхъулІэт, ауэ си гур хьыкъэртэкъымкІи, ари къэзгъэнэжащ. ИтІани нэгъуэщІ лэжьыгъэ гуэрхэм зесщытри, къызэхъулІакъым.

Си Іуэхур къызэрекІуэкІари гъэщІэгъэнщи. ФІы дыдэу сльаГу ди благъэ щІэлэр къыщалъхуа мазхуэр къэблагъэрти, зыгуэркІэ сыхуэгъуэпэну мурад сщІащ. Іуэхуракъэ, абы гъэщІэгъуэн щыхъуну, щыгуфІыкІыну естынур сымыщІэу утыкум сыкъыщинэм си анэм сечэнджэщати: «Псом нэхърэ нэхъыфІщ уи Іэкіэ пщІауэ зыгуэр хуэхьи», - къызжиІащ. Куэдрэ семыгупсысу, сытІысри, хъыджэбз тхъэІухудым и сурэт сщІащ. Сэ езым гъэщІэгъэн сщыхъужат къэхапэм цІыху сурэт сымытхауэ иджы къызэрызэхъулІар. Сурэтыр зыхуэсхьам къызэрымыкІуэу игу ирихьат. «Уэзрыщ!ыкІуэр узыщІэхъуэпсым упэІащэкъым, адыгэ фащэкІэ хуэпа хъыджэбзым и сурэт пщІыуэ дебгъэпЛъкъэ?» - щыжиІэм, сытегушхуащ. Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Пъэлъкъ библиотекэм си сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ 2010 гъэм щысхуащІауэ щытащ. Библиотекэм и лэжьакІуэхэм я зым си лэжьыгъэхэр ХьэцІыкІу Мадинэ иригъэлъэгъуа иужь, и деж сригъэбгъагъэри илъэсрэ ныкъуэкІэ сыдэлэжьауэ си студие къызэІуехыну мурад сщІыри, сыкъыІуэкІыжащ.

- Фащэм, абы и тхыпхъэмрэ уагъэхэмрэ зэхъуэкІыныгъэ хэзылъхьэну зыфІэфІ куэд щы-Іэщ. Уэ а Іуэхум дауэ уеплърэ?

- Фащэр едгъэфІэкІуэн фІэкІа зэхъуэкІныгъэ хэтлъхьану дыхуиткъым. Лъэпкъым лІэщІыгъуэ бжьыгъкІэ зэфІиГъэува, абы кІыдгъэуэгурыкІуа щыгъыным дэ сыт тхуэхьхэнри тхуэхьнури? Ауэ фащэм и щІыкІэм тету бостей езыгъэдну хуейжэм «хьуэ» ижесІэр-кІым, апхуэдэ щІыкІэри къезэгъуну къызолъытэри.

- Фащэм и сыт хуэдэ пкъыгъуэхэр пщІыну, уелІэлІэну нэхъ пфІэфІ?

- Іэпэтхьэмпэхэмрэ пыІэмрэ. Пасэм цІыхубзым и Іэпэбгалъагъэ къыщІиущынкІэ яфІэемыкІуу щытащ. Бзылъхугъэр щхьэпцІэу узрамым къытехьэнри къеззэгъуэтэкъым. Сэ сызэрепльымкІэ, а тІур зэхуэхуэгъэзауэ, екІуу фащэм кІэрыпльмэ, зэрыфащэу яГъэдахэ.

- Уи япэ фащэр илъэситху ныбжьым уиту пхуадауэ щытащ, дэн зэрыщІэбдзэрэ уи щхьэ фащэ хуэбдыжакъэ?

- Хьэуэ, сэ фащэр къызэрымыкІуэу фІыуэ солъагъу, здынри сфІэсфІщ, щащыгъым дежи гуэхъуэгъуэ къызет, ауэ сэ ззэгъэкІуркъыми щыстІагъэркъым.

- Оксанэ, уи дежкІэ лъэпкъ фащэм сыт хуэдэ мыхьэнэ иІэ?

- КъызэрымыкІуэу мыхьэнэщхуэ иІэщ. Ар сэ сщыщ гуэрщ. Зэззмыщэ нэгъуэщІ зыгуэрым зеспщытыну сегупсысамэ, а гупсысэм сыщощтэж - апхуэдизкІэ а Іэщ!агъэр фІыуэ солъагъури. Сытым хуэдэу сыгушхуэрэ си фащэхэр екІупсу зыщцІасэжькІэ! Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейщ, си фащэхэм адрей дэрбзэрэм я бжьыщыздыгъуа лъэпкъ якІэрыслъхьэркъым! Пэжщ, соплъ, ауэ седыгъэрыкъым, езым си щхьэхуэнныгъэ зэрыхэслъхьэным сыхущІокъу армыхъу.

- «Этно Эрато» зэпеуэм узэрыхэтам и гугъу узэгъэщІынут.

- А зэпеуэм дыщрагъэблэгъам, Іуэхум и зэхэткІэр ззэгъащІэн мурадкІэ сыкІуаэуэ арат, къыкІэлъыкІуэ илъэсым нэхъ хуэжьэзыру тезгъэзэн мурад сиІэу. Сыщымыгугъэхьауэ, ещанэ увыпІэр къытхуэгъэфащат. Ар сэркІэ щытхъу инт. Абы иужькІэ илъэс къэс сраГъэблагъэ, ауэ си лэжьыгъэхэр сигу загъэу зэрызэфІэзмыгъэхьар сощІэжри, сыкІуэжьхьэм. Тхъэм жиІэмэ, къэблагъэ зэхьхьэм сыхэтынущ.

- Уи фащэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ ди республикэм щыпщІыну уи мурад?

- Нэгъабэ, Адыгэ фащэм и махуэм, «Нарт Хэку» щІалэгъуалэ хасэм къызэригъэпэщащэу щыта «ФащэгъэфІэж» зэхьхьэм сыхэтащ. А гъэлъэгъуэныгъэр куэдым ягу ирихьауэ къыпэджжэати, си гуапэ хъуащ. Сыхуейщ си лэжьыгъэхэр утыку къисхьэну, ауэ иджыри зэ къытызогъэзэжри, сытемыуІкІытыхьыжьыну хуэдэу зыхуей хуэгъэзэжьащ. Иджыпстуми си гум щызгъэтІысІыжу хъуэпсапІэхэм ящыщщ, фащэр фІыуэ зэрыслъэгъуам и хъыбарыр теплъэгъуэ кІэщІу къыщІызгъэлъагъуэ пшыхь сщІыну.

- Оксанэ, фащэм къищынэмыщІауэ, махуэ хъэс щыгъынэхэри бдырэ?

- До. Арауэ сфІощІ зэран къытхуэхъури. Сэрэ си гупымрэ сыт хуэдэ щыгъынри тфІэгъэщІэгъэну ддынущ икІи ар щыуагъэу къыщІэкІынущ. ХэубыдыкІауэ зым делэжьыну щытамэ, нэхъыбэ къыдэхъулІэну къысфІощІ.

- Мы зэманым сытым уелэжьэр?

- Чысэ цІыкІуэр сощІ. Абы къищынэмыщІауэ, хэдыкІым и Іэмалыщ!э къызогъэІэрыхуэ.

- Адыгэ фащэ зэпэщ ебгъэдыным дапхуэдиз ахъшэ текІуэдэнур?

- Сом мин 80-м щегъэжьауэ 120-м нэс. Сэ фІыуэ къызгуроІуэ аХъшэ къэлэжьыным пылъ гуГуехьыр, аращи, цІыхухэм закъызэрытезмыгъэхьэлъэным яужь ештщ.

- Зыгуэрым хущІэкъуэ дэтхэнэми гъащІэм Іущыгъэгуэр къыхъех. Уеиймкіэ укъыщдэгуэшамэ арат.

- Си хъуэпсапІэр къыщыщэмыхъулІэм дежи, ар сэркІэ зэхъуэпс ухъумэ, зыпхуэужьыныкІэ Іэмал иІэкъым. Гугъуехьырщ екъулІэныгъэм и щхэр.

Епсэльар

ЩАУЭЦІЫКІУ Нэфыщ!эщ.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ЩОМАХУЭ Залинэ.щ.

Къекіуэкіыкіэ

● Тхылъыщ!Э

Иджыблагъэ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ тхакІуэ, журналист, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ и тхылъыщІэ.

«КРУГОВОРОТ» фІэщыгъэм щІэт тхылъым урысыбзэкІэ зэдзэкІа усэхэр щыщІэхуэхьэсащ. Абы и япэ напэкІуэцІым тетщ ар усакІуэ, зэдзэкІакІуэ Яропольский Георгий фэеплъ зэрыхуищІыр. Тхылъым ит усэхэм я Іыхьэфыр зэзыдзэкІар Яропольскэращ, а тхакІуэ Іэзэм усэм щІэлъ гупсысэр ныкъуэ мыхъуу мыхъуу урыс щІэджыкІакІуэм и пащхьэ ирихьэн хуэзфІэкІыр. Къыхэгъэщыпхъэщ 2010 гъэм «Тонкие связи» фІэщыгъэм щІэту Заринэ и тхылъ дунейм къытехьам итхэри абы зэридзэкІуэу зэрыщытар. Иджырей къыдэкІыгъуэм щІэзэхуэхьэсахэм ар псэуху елэжьащ. Арагъэнщ Яропольскэм и анэ Дианэ и тхылъым къызэрымыкІуэу щІыщыгуфІыкІари. Георгий дунейм ехыжа иужь Заринэ итха усэхэр езым зэриздзэкІыжыну зрипщІащ. Щыпсэуэ абы къриту щыта чэнджэщхэм я фІыгъэкІэ, Къаныкъуэм зэдзэкІыныгъэри къигъэІэрыхуащ. Абы щыхьэт тохъуэ авторым зэридзэкІауэ «Круговорот»-м къыщыхьахэр. ТхакІуэ, Кавказ Ищхьэрэм фІыуэ къыщащІыху зэдзэкІакІуэ Пряжников Александр урысыбзэм иригъэззэгъа усэ Іэрами итщ а къыдэкІыгъуэм.

Къаныкъуэм и творчествэм щыгъуазэ дэтхэнэми ещІэ абджыпс пІащІэкІэ иухуауэ къыщыхьу дунейм и телъыджагъэр, гъащІэм и щытыкІэ куэдым бгъэдыхьэкІэ, еплъыкІэ щІэщыгъуэ и деж къызэрыщыбгъэстыр, утеплъэкъукІмэ лъэлъжьыну къыщпщхьу а дунейр апхуэдэуи зэрымыкъутэгъуэфІэр. Абы и усэхэм щызыхьыбощІэ хьэуам и къабзагъэр, дунейм и дахагъэр, щІыуэпсыи и зэхэлъыкІэ телъыджэр, лъагъуныгъэм и Іэфіагъэр, гурыщІэм и къарур, цІыхугъэм и лъапІагъэр, нэгъуэщІ куэди.

Сыт Заринэ зыгъэпІейтейр? ЖыІэгъуейщ. Яэныкъуэ усакІуэхэм къащхьэщыкІыу Къаныкъуэм и усэхэр лъагъумыхъунигъэрэ мыаррэзыныгъэкІэ игъэщІыгъкъым, ар зыхуэпсэури зыхуэусэри езыр зыхуэзарэзы и хуэрегъэщІ. Абы и усэ сатырхэм, чы цІынэкІэ щІыб диям кърахулэкІа хуэдэ, укъагъэуІэбжьу зыкъыщыбоцІыхуж. Литературэм, усыгъэм щхьэхуэу я гугъу пщІымэ, и япэрей къалэнхэм ящыщщ ар. Рифмэмрэ, усыгъэм и хабзэхэмрэ гупсысэр щІэзыгъэлъафэхэм япэжьжьэщ Къаныкъуэм и Іэдакъэщ!экІхэр. Хьэрф зэщІэжьыуэ хэмкІэкъым усэр гум къызэринэн хуейр, гупсысэм и жьлэу цІыхугум щыщІэщІ. Апхуэдэщ «Си анэдэлъхубзэ», «Къэшэж Иннэ деж», «Си гур хьэндырабгъуэ минщ», «Усщогъупщэжьр уэ, усщогъупщэжьр…», «Мы бжьыхьэр лей пІэлъкІэ къоупщІыныкъым», «Акъужь хурабэ», «Мазэр изщ, си гур ныкъуэщ» усэхэр, нэгъуэщІхэри.

Литературэм къыхэхъуа тхылъыщІэмкІэ ар зи Іэдакъэ къыщІэкІами, усыгъэм и Іэфіыр зыхэзыщІэфхэми дохъуэхъу.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Махуэ сохъури, жьыбгъэр сопщІ

* * *

ГъащІэр къанэри, махуэр кІуащ,
Си гукъанэри скІэрыхуащ...
ЗыкъыспищІэуэрэ хуэму кІуэрт.
МыкІуэмыжэу сыхьэт хэмытт.
Вагъуэижкіэ уафэр щыхьэтщ.
Ныбжьыкъ хохьуэри, гъащІэм хощІ.
Махуэ сохъури, жьыбгъэр сопщІ...

* * *

Удэ кІырым зыщцІэзыгъэпщкІу
гъэмахуэу
Си гу къуэпсэм гухэлъэр
хэзэрыхьащ,
Жэщым къызэщІужрэ къэтІэпІу
Гъэгъа хужьыр къызыпидзэ
си гущхьэм
Мы дунейр къехъуапсэу.
Псом нэхърэ нэхъ гугъур
Уэ езыр ущыщтэжу
Гъэгъа телъэдыжьэр зепхэнырщ...
Хэт и тыгъэ? Хэт и тезыр?
Ухэзыубыдыкіауэ зи нэІэ ущІэтым
УепэгэкІи мыхъуну
ЗыщцІэзэпыщІэкІи усакъэр
уумэззэхыу...
КъэтІэпІу гъагъэм
Укъигъэнэхурэ укъырацІыхуу
Хужьу къыщцІэзрыкІкІэ.
И кІэух хъунур зыми имыщІэу.
Гухэлъщ...

* * *

Уигум щыщІэр къыслухуэІуатэ,
Уи псэм телъыр наІуэ къэщІ.
Уи мыхьэлу зыутІыпщи,
Сэ зы закъуэм дзыхь къысхуэщІ.
Хъуну уи щхьэ къызэпхьэлІэ,
УэсхьэлІэнущ си гухэлъ.
Пхуэзгъэдахэу жьыпІэ псори,
Зытезгъахуэурэ уи хьэл.
ЖьыІэ, жьыІэж. Сыт убзыщІкІэ?
Сэ арыншэми къэсщІащ;
Уи насыпыр зыхъэплъагъуэр,
Зыдэплъагъур - ар сэращ.

* * *

Дыгъуасэ, сощІэжьр,
Дыгъэпсым хэзагъэрт
Къуршыщхьэ екІуэкІыр.
Дыщафэ дыгъэлыр
Иджыри зы пщІащэ
Мэз Іувым ихъумэрт
Бжьыхьэмэ - Іугъуэмэр.
Хьэуам и зы Іыхьэу,
ХэткІухьрэ хэбзахэу...
Иджыри зы махуэ
Мыпхуэдэу къэхъуамэ,
Щ!ыжьыСІэр сэ сщІэжьрт.
Нэху здэщым, къыщІэщыр
Къэлъахьшэу уэгу хьэлъэрщ...

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ.

● Дифі догъэтъапІэ

Сурэтыщі Дыгъужь Мыхьмуд

И щыіуэпс дахэмрэ кхъуей телъыджэхэмрэ я закъуэкъым Адыгейр зэрыцІэрыІуэр. А псом иофІэкІыж абы и щхьэр лъагэу щІиІэтын и щыхуэзмкІэ бгъэдэлъ беягъыр.

Псэужамэ мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуну сурэтыщІ Іэзэ Дыгъужь Мыхьмуд ящыщу лъэпкъ гъуэзджэм зи цІэр дыщэ хьэрфкІэ хатхахэм.

УРЫСЕЙМ и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Адыгейм и щыхубэ, щІыхь зиІэ я сурэтыщІ цІэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща и цІыху щэджащэм и гъащІэ гъуэгуанэр тыншу щытакъым, ауэ гугъуехьхэм япсыхьащ ар. 1938 гъэм Тэхъутэмыкъуей и къуажэ къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр къиуха иужь, Краснодар дэт педагогикэ институтым художественнэ-техникэ графикэмкІэ къудамэм щІэтІысхьэну мурад ищІат, ауэ и армэ кІуэгъуэти, къулыкъу ищІэну дашащ. Армэ нэужьым иджыри илъэсищкІэ зигъэхьэзырри пединститутым щІэтІысхьащ. ЩІэрыІуэ хъуахэу «Гушэкъу уэрэд», «Мэлыхьуэхэр», «Жьэумыр зэхуэхьэсыж», «ЗэхуэкІуэ кьафэ» сурэтхэр диплом лъжьыгъэу игъэхьэзырауэ щытащ. Ахэр Мыхьмуд графикэм щича яп лъэбакъуэт. 1969 гъэм, институтыр кьиуха иужь, ар щылэжьащ Мейкьуапэ дэт художественнэ-производственнэ кІыщхэм. И ІэпщлъэпащІагъым кІуэ пэтми хэзыгъэхъуэу сурэтыщІым, зэпэджэжу сурэт зыбжанэ и Іэдакъэ щыщІэкІащ. 1971 гъэм абы и лэжьыгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэ тІэунейрэ Москва кьыщыхуэзэрагъэпэща иужь, ар СССР-м и Сурэтыщіхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ. Абы щыщІэдзауэ Дыгъужьым и Іэдакъэщіэкіхэр щІэх-щІэхыпэ союзэпсо, республикэпсо утыкухэм щигъэльэгъуэн щІидзащ (1978-1979 гъэхэм Москва къалэ, 1980 гъэм Ленинград). Абы и сурэтхэр каталог зэмыліужьныгъуэхэм, Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и «Художник» журналым, нэгъуэщІ къыдэкІыгъуэхэми къытрадзащ.

1984 гъэщІ сурэтыщІым и Іэдакъэщіэкіхэр уэру утыку къыщырихьар. Абы Мейкьуапэ щищІа выставкэм и лэжьыгъэ 80-м щІигъу щигъэльэгъуащ. Псом хуэмыдэу узэІэпашэрт и натюрморт хэм.

Мыхьмуд и графикэ лэжьыгъэхэм нэхъыбэу щытепщэн Іуэрыуатэ, зауэ, спорт жанрэрщ. Ар хъэтІ щхьэхуэ зиІэ сурэтыщІщ. Псом хуэмыдэу гъэщІэгъуэнщ абы къыгъэсэбэп къыгъэхэр зэпэджэжу зэрызэхилъхьэр.

Гулъытэ щхьэхуэ яуэфащэщ «Бырыс пшыналъэхэр» фІэщыгъэм щІэту ищІа сурэт гупым. Абыхэм гъэщІэгъуэну я къыщыгъэльэгъуащ Мейкьуапэ и архитектурэ ухуэныгъэхэр. 90 гъэхэм я кІэухэм сурэтыщІым нэхъыбэу и Іэдакъэ къыщІэкІар цІыху щхьэхуэхэм я портретщ, Іуэрыуатэр зи лъабжьэ сурэтхэрщ, натюрмортхэрщ. Дыгъужьым и дэтхэнэ лэжьыгъэми щыІупщІащ ар адыгэ сурэтыщІу зэрыщытыр.

КІуэ пэтми нэхъ тІэпыхуж лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр куэду къыщытещІэ зэрыщытыр.

Мыхьмуд и Іэдакъэ щыщ Іуэрыуатэ зи гъэпсыгъэ щхьэхуэ зиІэ сурэтыщІщ. Псом хуэмыдэу гъэщІэгъуэнщ абы къыгъэсэбэп къыгъэхэр зэпэджэжу зэрызэхилъхьэр.

Гулъытэ щхьэхуэ яуэфащэщ «Бырыс пшыналъэхэр» фІэщыгъэм щІэту ищІа сурэт гупым. Абыхэм гъэщІэгъуэну я къыщыгъэльэгъуащ Мейкьуапэ и архитектурэ ухуэныгъэхэр. 90 гъэхэм я кІэухэм сурэтыщІым нэхъыбэу и Іэдакъэ къыщІэкІар цІыху щхьэхуэхэм я портретщ, Іуэрыуатэр зи лъабжьэ сурэтхэрщ, натюрмортхэрщ. Дыгъужьым и дэтхэнэ лэжьыгъэми щыІупщІащ ар адыгэ сурэтыщІу зэрыщытыр.

КІуэ пэтми нэхъ тІэпыхуж лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр куэду къыщытещІэ зэрыщытыр. Абыхэм гъэщІэгъуэнщ абы